

KISA SA VLE DI LÈ OU ENTEGRE TOUT MOUN LADAN

Ki Sa Lalwa Di?

An 2013, Lwa Florida defini entegrasyon nan seksyon 1003.57 (1) (a) konsa:

"... yon elèv ki gen yon andikap k ap resevwa edikasyon nan yon anviwònman klas regilye, ki reflete pwopòsyon natirèl yo avèk gwoup ak diferan kalite elèv nan domèn akademik lan avèk elektif oswa espesyal nan kominate lekòl la; yon elèv ki gen yon andikap se yon manm ki gen valè nan sal klas la avèk kominate lekòl la; pwofesè yo avèk administratè yo sipòtè edikasyon inivèsèl epi yo gen konesans avèk sipò ki disponib pou pèmèt yo anseye tout bon tout timoun yo; epi yo bay aksè pou asistans teknik nan pi bon pratik, metòd ansèyman, avèk sipò ki prepare pou bezwen elèv la selon rechèch aktyèl la."

Kisa Rech ch di?

30 lane rechèch montre elèv avèk ti andikap lejè a gran andikap nan anviwònman ki entegre tout elèv yo:

- jwenn ladrès sosyal avèk komunikasyon
- devlope bonjan zanmitay ak yon sans apatenans
- ogmante patisipasyon avèk endependans
- gen plis objektif akademik nan IEP yo a
- ogmante akonplisman akademik
- devlope konpòtman pozitif
- patisipe nan plis aktivite lekòl yo
- genyen mwens absans
- pi byen prepare pou inivèsite, karyè avèk kominate moun k ap viv

Ki moun ki dwe gen ladan?

Lwa ane 2004 sou Amelyorasyon Edikasyon Moun Andikap yo (Individuals with Disabilities Education Improvement Act, IDEA), deklare klèman "edikasyon tout timoun avèk andikap yo kapab fèt pi byen pandan ap genyen gwo bagay ki atann pou timoun sa yo avèk asire aksè yo nan kourikoulòm edikasyon jeneral nan sal klas regilye a, nan limit maksimòm ki posib." Lè lwa edikasyon federal ki rele Lwa Pou Siksè Chak Elèv (Every Student Succeeds Act, ESSA) te pase nan lane 2015, li te gen ladan lang ki sipòtè edikasyon TOUT timoun yo, epi li te mete aksan sou anpil konsèp enpòtan nou te jwenn nan IDEA. Yon gwo lide se elèv ki gen andikap yo se elèv edikasyon jeneral an premye, ki sipòtè konsèp IDEA a pou Restriksyon ki pi pití nan Anviwònman (Least Restrictive Environment, LRE). Donk, TOUT elèv yo ta dwe patisipe, nan limit yo kapab la.

Paran yo ta dwe toujou fè pati nan ekip kote desizyon yo fèt sou zòn edikasyon pitit yo. Lè yo detèmine anviwònman entegrasyon "nan limit maksimòm posib" (IDEA, 2004) pou chak elèv, ekip IEP yo ta dwe konsidere sipò avèk sèvis yo elèv la pral bezwen pou reponn ak objektif yo nan fason ki pi louvri an.

Avek Kisa Entegrasyon Sanble?

Tyrone se yon elèv katryèm ane ki gen nèf (9) lane ki gen anpil enèji. Li renmen espò epi li soti dirèkteman nan lekòl pou ale nan antrènman foutbòl chak jou avèk yon gwoup kamarad klas li yo. Tyrone gen andikap pou li aprann, epi konpreyansyon lekti li nan nivo kòmansman klas dezyèm ane. Li bezwen sèvis edikasyon espesyal, men tankou pifò timoun, dènye bagay li vle se pou li diferan. Nan yon lòt lekòl, yo te kapab fè li soti nan klas chak jou pou enstriksyon espesyal, epi sa fè jwenn èd li bezwen an sanble avèk yon pinisyon. Erezman, direktè nan lekòl Tyrone la konprann avantaj ki genyen nan entegrasyon. Nan klas katriyèm ane Tyrone lan, pwofesè edikasyon jeneral itilize gwoupman elèv ki gen souplès yo pou aktivite ki diferan. Li planifye lesон pandan l'ap sèvi avèk prensip Invèsel pou prensip Aprantisaj, pou tout moun kapab aprann. Pou kapab li, Tyrone resevwa sipò anplis nan yon ti gwoup, men li pa oblige kite sal klas la. Pwofesè Eksepsyonèl Edikasyon li an (exceptional student education, ESE) ofri enstriksyon ki fèt espesyisman nan sal klas edikasyon jeneral, pou li avèk kèk lòt elèv. Chak semèn pwofesè Tyrone yo planifye fason pou adapte enstriksyon an oswa materyèl pou ede Tyrone avèk lòt moun pou aprann. Paran Tyrone yo rankontre souvan avèk pwofesè yo pou yo pataje ide sou sa ki an fonksyon ak li. Lekòl ak kay fè patenarya pou sipòte Tyrone.



Avèk kisa entegrasyon sanble?

Pou Tyrone, li sanble pwogrese nan limit nòm yo epi li pwogrese nan IEP li an. Li sanble li pral nan klas 5yèm ane avèk zanmi li lane pwochèn!



Yon ane avan sa, Kayla ki gen katòz lane te nan yon sal klas separe oswa endepandan pou elèv ki gen gwo andikap kognitif. Kayla se yon ti fi ki toujou gen kè kontan ki soufri sendwòm Down. Li te nan yon sal klas endepandan depi klas matènèl. Pwogram akademik li te toujou byen oryante nan direksyon elèv ki gen pi ba kapasite yo. Pa te gen okenn opòtinite pou Kayla nan alantou yo pou devlope kamarad klas, swa nan sal klas la oswa nan aktivite lekòl la.

Paran Kayla yo te lakòz li pa te rive gen potansyèl pou nivo akademik li oswa sosyal. Gade li tankou yon timoun, yo reyalize Kayla bezwen pou yo prepare li pou lavni li. Yo te pale avèk pwofesè edikasyon eksepsyonèl Kayla a sou enkyetid yo a. Yon reyinyon ekip IEP te pwograme avèk yon reprezantan nan biwo ESE distri a, paran Kayla, pwofesè ESE, yon pwofesè edikasyon jeneral, terapis lapawòl, epi yon parapwofesyonèl. Kayla te fè pati reyinyon an tou. Nan reyinyon an, yo te revize objektif IEP Kayla, epi yo te devlope yon plan pou bay materyèl espesyal avèk metòd ansèyman pou Kayla patisipe nan plizyè klas edikasyon jeneral. Rezo Entegrasyon Florida (Florida Inclusion Network, FIN) bay resous avèk sipò pwofesè edikasyon jeneral epi elektiv pou ansèyman elèv yo ki gen kapasite diferan pou aprann. Pwofesè yo te jwenn sa yo aprann ki itil pou anseye anpil elèv, pa sèlman elèv ki gen andikap yo. Lekòl Kayla te fèk kòmanse itilize kou Kamarad antan Patnè nan Ansèyman pou kòmanse yon pwogram kote elèv edikasyon jeneral sipòte elèv ki gen andikap. Yo te refere Kayla nan men yon kamarad ki sipòte ki te ede li avèk devwa lekòl epi tranzisyon klas li yo. Elèv ki sipòte li a tou vini lyen li pou li kapab fè zanmi. Kayla ap fè tout bagay byen nan lekòl la, li jwenn A avèk B lè I sèvi avèk Pwen Aksè pou aprann estanda kou yo. Pwogrè sosyal jis enpòtan.



Avèk kisa entegrasyon sanble?

Pou Kayla, sa sanble tankou aksè pou estanda yo epi pou pwogrè sou IEP li. Li sanble jwenn avèk zanmi li yo nan lekòl dans lan, pis patinaj la, sant komèsyal la, epi nan premye sware pijama li an!

Planifikasyon pou Entegrasyon Pitit ou an

8 Etap Enplikasyon

Premye Etap: Kreye yon lis bagay ki dekri pitit ou a. Mete pwen fò pitit ou a, defi, enterè, bezwen li pou aprann, enfòmasyon sante/medikal , ak rèv li yo.

Dezyèm Etap: Fè rechèch sou edikasyon enklizif. Tcheke sitwèb nou an ak resous ki nan lis sou do Folyo F.A.C.T sa a.

Twazyèm Etap: Mande yon reyinyon avèk pwofesè pitit ou a pou revize enfòmasyon pitit ou an epi diskite kesyon 1-10 anba a.

Katriyèm Etap: Prepare w pou pataje vizyon ou pou edikasyon pitit ou a ak sa ou te aprann sou edikasyon enklizif.

Senkyèm Etap: Di kijan ou anvi travay nan ekip pitit ou a pandan tout ane a, pa sèlman nan reyinyon IEP a. Antouleka, ou se yon ekspè parapò ak pitit ou!

Sizyèm Etap: Mande yon reyinyon ak ekip IEP pou diskite sou opòtinite enklizif ki disponib nan lekòl la.

Setyèm Etap: Mande ekip pitit ou a pou kontakte FIN pou asistans nan planifikasyon pou enklizyon.

Uityèm Etap: Pa panike! Bonjan enklizyon pran tan, efò, resous, kreyativite, ak kolaborasyon. Kwè ekip pitit ou a vle tout sa ki bon pou li.

Kisa ki fè Entegrasyon an mache?

- Sipò direktè an avèk lòt administratè yo
- Yon vizyon lekòl, atitud, avèk kwayans ki bay divèsite valè
- Yon plan pou entegrasyon ki pèmèt pou amelyorasyon san rete
- Ekip kolaboratè pedagojik yo gen ladan paran yo kòm patnè
- Metòd ki senp pou anseye, aprann, epi evalye
- Yon latriye metòd pou anseye, pou diferan kalite elèv.
- Kourikoulòm avèk evalyasyon yo ki te adapte pou reponn ak bezwen endividiyèl elèv yo.
- Opòtinite aprantisaj kontinyèl sou entegrasyon pou fanmi yo avèk anplwaye yo.

Lè w ap planife opòtinite edikatif sou entegrasyon pou pitit ou a, ou menm avèk ekip edikasyon pitit ou a ta dwe konsidere kesyon sa yo ansanm:

10 Kesyon pou gide Fason Panse

1. Èske li enpòtan pou pitit ou an aprann, jwe, epi travay kòtakòt avèk elèv san andikap yo?
2. Èske pitit ou kapab jwenn avantaj pwofesè ki gen gwo egzijans pou TOUT timoun?
3. Èske pitit ou a aprann pi byen lè yo bay yon latriye metòd ansèyman?
4. Èske li enpòtan pou pitit ou a konsantre sou objektif ki konekte avèk enterè li, estil aprantisaj, rèv pou lavni, avèk bezwen inik yo?
5. Èske ou vle pitit ou a aprann bagay ki gen rapò avèk sa kamarad nan lekòl yo ap aprann?
6. Èske ou vle pitit fi ou a oswa gason ou an santi li byen avèk sa li akonpli nan lekòl la?
7. Èske ou kwè gen kamarad klas nan lekòl pitit ou a ki kapab sèvi tankou bon modèl pou aprann, kominike, avèk sosyalize?
8. Èske li enpòtan pou pitit ou a pataje travay, rezoud pwoblèm, epi devlope lamitye avèk kamarad klas yo?
9. Èske ou vle pitit fi ou a oswa pitit gason ou a aprann estrateji ki pral ede li kontinye aprann aprè gradyasyon?
10. Èske li enpòtan pou prepare pitit ou pou yon lavi ki gen silksè avèk kè kontan lè li granmoun ki gen ladan li viv, travay, jwi rekreyasyon, epi sosyalize avèk lòt granmoun nan kominote a?

Èske w te konnen TOUT sa kapab akonpli nan yon sal klas Akeyan?

Kisa Rezo
Entegrasyon Florida
(Florida Inclusion Network, FIN) la ye?

Rezo Entegrasyon Florida a kolabore avèk tout distri, lekòl avèk pwojè fakiltatif pou ofri sèvis avèk sipò pou garanti tout elèv andikape yo gen menm edikasyon, sosyal avèk avni ki gen opòtinite menm jan avèk kamarad klas yo.

Ki sèvis FIN bay?

FIN itilize yon métòd pou rezoud pwoblèm ki baze sou done avèk distri epi lekòl yo pou konsantre sou pratik entegrasyon yo; bay devlopman pwofesyonèl, asistans teknik, antrènman avèk resous pou ogmante epi kenbe konesans avèk konpetans; epi pataje enfòmasyon yo pou ede bati relasyon pou gen kolaborasyon ant fanmi, lekòl avèk distri yo.

Pou ki moun sèvis FIN yo ye?

Sèvis FIN yo disponib pou fanmi, edikatè, administratè, avèk manm kominate yo.

Kòman FIN kapab ede w?

Fasilitatè FIN ou an kapab ba w enfòmasyon avèk resous ki kapab ede ou lè ou kòmanse planifye avèk lekòl la pou edikasyon entegran ptit ou an.

Anplis sa, pwofesè ptit ou a oswa administratè lekòl la kapab mande sèvis FIN (tankou konsiltasyon nan lekòl la, devlopman pwofesyonèl, asistans teknik, avèk resous) pou ekip lekòl yo avèk manm anplwaye yo. Objektif Rezo Entegrasyon Florida se bay asistans ki pral sipòte rezulta ki pozitif yo pou TOUT elèv andikape nan lekòl ptit ou a. Sèvis nou yo gratis nan tout lekòl nan Florida!



Eskane kòd QR la pou tcheke lòt F.A.C.T. Folios (Feyè F.A.C.T.) pou jwenn plis detay sou entegrasyon!

Lòt Òganizasyon avèk Sit Entènèt Itil

Rezo Fanmi sou Andikap: www.fndfl.org

Sant Beach sou andikap: www.beachcenter.org

Sant Paran Peak: www.peakparent.org



Kontakte Nou

Jwenn FIN ki pi pre ou a sou sit entènèt nou an:

[**www.FloridaInclusionNetwork.com**](http://www.FloridaInclusionNetwork.com)

oswa rele gratis sou nimewo 1-888-232-0421